

ransportation ransformation

N ap konekte Kominote yo Grasa Chwa Transpòtasyon

TRANSFÒME PLANIFIKASYON AN REYALITE

Broward MPO ansanm avèk ajans patnè l yo ak minisipalite yo ap avanse Pwojè Koridò Hollywood/Pines la de faz etid la a faz emplémentasyon an. Objektif pwojè sa a se pou amelyore sekirite ak transpòtasyon ki genyen nan tout koridò a, epi pou transpòte moun ak machandiz grasa diferan mwayen transpòtasyon (sistèm tranzit, bisiklèt, mache, ak veyikil a motè). Rapò preliminè a, ke yo te prezante an novanm 2013, vin fè gen rekòmandasyon ki fêt e ki avanse emplémentasyon Plan Transpòtasyon Alontèm Broward 2035 lan (Broward 2035 Long Range Transportation Plan).




Foto anlè a montre youn nan Senaryo Pretere yo. Senaryo sa a sitiye nan Pines Boulevard ak University Drive, e li prezante opòtinite pou redevlopman avèk kote pou pyeton mache ansanm avèk enstalasyon a izaj miks ki sipòte transpòtasyon.

Pami rekòmandasyon akoutèm yo, genyen:

- Ajoute enstalasyon pou bisiklèt ak pou pyeton ki fasilité koneksyon apatide katye yo a enstalasyon tranzit yo ak sant aktivite yo.
- Amelyore epi deplase arè otobis yo pou pèmèt aksè ki gen plis sekirite e ki pi pratik.
- Emplamente tretman konsepsyon ki senp pou pyeton yo nan gwo entèsekson ak kafou yo.
- Amelyore sekirite woutyè, ikonpri modifikasyon operasyon limyè ak limyè sikilasyon.
- Identife amelyorasyon potansyèl onivo operasyon trafik, tankou senkwonizasyon limyè sikilasyon pou dekonjesyone trafik la.

Pami rekòmandasyon yo fè alontèm yo te gen amenajman Ri Konplè (Complete Streets) yo ak Senaryo Prefere (Preferred Scenarios) pou kat Platfòm Mobilite. Platfòm Mobilite se anplasman ki gen diferan tip transpòtasyon kote ki gen gwo kantite moun k ap sèvi avèk sistèm tranzit ak anplasman ki gen opòtinite pou redevlopman. Senaryo Prefere yo se rezulta Sesyon Enfòmasyon sou Vizyon yo ke yo te organize an mas 2013. Pami rekòmandasyon pou Pwojè a, genyen yon Konsepsyon Ibèn ak yon Seri Enstriman pou Ede Emplémentasyon yon fason pou gide aplikasyon izaj teren ak rekòmandasyon sou konsepsyon ibèn ki pou aplikab a Platfòm Mobilite sou rès koridò a oswa nan lòt pati nan Konte Broward.




Zòn Etid la pwolonje de nò a sid sou yon distans 1/2 mil apatide Hollywood/Pines Boulevard (SR 820) e apatide US 27 nan kwen alwès Limit Sèvis Ibèn Konte Broward lès a SR A1A sou kòt Atlantik la. Gen onz Platfòm Mobilite sou koridò Hollywood/Pines la.

www.hollywoodpinescorridorproject.com

KISA KI LADAN L

- **MESAJ PREZIDAN AN - INISYATIV COMPLETE STREETS (RI KONPLÈ YO)**
- **PWOJÈ SOU CHANJMAN KLIMA NAN SID FLORIDA**
- **EFÒ NAN EDIKASYON AK AKTIVITE SOSYAL**
- **SIT ENTÈNÈT SPEAK UP BROWARD**
- **DÈNYE ENFOMASYON SOU ANGAJMAN 2040**



Vis-Majistra Richard Blattner
Prezidan, Broward MPO
Vil Hollywood, Distrik 4

Mesaj prezidan an

Nan rejinyon mansyè li a, Konsèy MPO a andose kolektivman, Règleman pou Modèl inisyativ Complete Streets (Ri Konplè) a ak Kad Planifikasyon an nan mwa septanm. Kòm Konte Broward ansanmavèkminisipaliteyoapadoptepwòp Direktiv pou inisyativ Complete Streets (Ri Konplè) yo, zouti sa yo pral itil pou angajman enpòtan sa a. Broward MPO jwenn finansman deja pou konstwi pliske \$100 milyon amenajman pou inisyativ Complete Streets (Ri Konplè) a pou senk pwochen ane k ap vini yo.

Kisa ki se Complete Street (Ri Konplè)? Se yon ri ki gen plis sekrite, ki pi agreyab e ki atire tout moun ki itilize l yo, kit se machin, kit se moun k ap itilize transpò publik, kit se siklis, oswa kit se pyeton. Pa egzanp, isit la, lokalman, rezidan ak pwopriyetè biznis antoure enstalasyon nouvo Bailey Road yo (ke nou montre adwat la) nan vil Tamarac ak North Lauderdale, ak nan NW 56th Avenue nan Vil Lauderhill, yo tout yap fè eksperyans dirèk sou kijan yon inisyativ Complete Street (Ri Konplè) ka afekte vi yo defason pozitif. Foto a montre Bailey Road avèk nouvo twotwa, nouvo pis pou bisiklèt ak nouvo liy pou vire, pou pèmèt tout moun k ap itilize wout sa a pwofite de ri sa a, san danje.

Inisyativ Complete Streets (Ri Konplè yo) ka yon katalis pou devlopman ekonomik, ofiramezi ap gen plis ri ki gen plis sekrite e ki atire plis moun, ke yo konstwi. Ou kai jwenn plis enfòmasyon sou inisyativ Complete Streets (Ri Konplè yo) sou desit entènèt ki rapòte nouvèl ki gen rapò avèk inisyativ Complete Streets (Ri Konplè yo). Yo se National Complete Streets Coalition (Kowalisyon Nasional inisyativ Ri Konplè yo) nan www.smartgrowthamerica.org/complete-streets ak Urban Health Solutions and Urban Health Partners (Solisyon pou Sante Ibèn ak Patnè Sante Ibèn) nan www.urbanhs.com/category/complete-streets/.




PWOJÈ PILÒT SOU VILNERABILITE AK ADAPTASYON CHANJMAN KLIMA NAN SID FLORIDA



Le 5 mas 2013, Broward MPO te resevwa yon sibvansyonnanmen Federal Highway Administration (Administrasyon Federal Otowout) pou yon montan \$300.000 pou li enkòpore pwoblèm chanjman klima nan desizyon I ap pran sou transpòtasyon e pou li elabore sou evalyasyon vilnerabilite ki egziste deja yo e ki te etabli nan Akò sou

Chanjman Klima Rejyonal nan Sidès Florida (Southeast Florida Regional Climate Change Compact). Zòn pou Etid Pwojè a (ke nou montre adwat la) kouvri Konte Palm Beach, Broward, Miami-Dade ak Monroe. Pwojè a pral devlope zouti pou entegre objektif pou adaptasyon chanjman klima nan pwosesis desizyon sou transpòtasyon an epi li pral ofri yon modèl pou adaptasyon chanjman klima pou lòt founisè transpò publik yo. Dat Pwojè Pilòt la dwe fini a se 30 septanm 2014.

Anplisdesa, se avèk kè kontan n ap anonsé ke Prezidan Barack Obama nonmen Kristin Jacobs, ki se manm Konsèy MPO a ak Komisyonè Konte Broward, pou li patisipe nan yon ekip travay nan Mezon Blanch lan k ap trete kesyon chanjman klima. Prezidan Obama pase yon lòd egzekitif pou ajans gouvènman yo prepare yo pou enpak yon monn pi cho pral koze.



KONTE KI FÈ PATIDE AKÒ SOU CHANJMAN KLIMA REJYONAL NAN SIDÈS FLORIDA

EFÒ NAN EDIKASYON AK AKTIVITE SOSYAL



Estasyonman pou bisiklèt ki san danje ede ankouraje moun pou yo monte bisiklèt. Nan rejon Portland lan, transpò pa bisiklèt reprezante 6% nan trajè ki fèt toulèjou yo.

MPO a te demonstre yon prezans solid nan konferans anyèl Asosyasyon Òganizasyon Planifikasyon Metropolitèn nan (Association of Metropolitan Planning Organizations) ki te fèt nan Portland, Oregon, le 22 rive 25 oktòb. Gregory Stuart, Direktè Egzekitif la, te modere yon tabwonn sou Solisyon pou Ogmante Finansman nan domèn Transpòtasyon. James Cromar, Direktè Planifikasyon, te prezante Pwojè pou Koridò Hollywood/Pines la, nan yon tabwonn. Vis-Prezidan Broward MPO, Bryan Caletka te reprezante Konsèy la, Chris Ryan limenm te patisce nan

reyinyon Komite Teknik la, epi Ricardo Gutierrez te reprezante anplwaye yo. Portland, Oregon gen yon repitasyon eksepsyonèl pou transpòtasyon ak planifikasyon utilizasyon teren. Anplwaye yo ansanm avèk Vis-Prezidan an te òganize yon rankont kote yo te fè Echanj Ide ant yomenm avèk anplwaye METRO yo, ki se MPO rejon an nan Portland. Reyinyon an te pwolonje jouk nan apremidi epitou te gen yon vizit pwojè Devlopman ki Konsantre sou Transpòtasyon e ki jwenn finansman nan men METRO, ansanm avèk plizyè lòt pwojè divès tankou tren woutyè (streetcar) ak koridò ki gen sèvis transpò ki fèt tout tan. Kominote Portland lan aksepte envestisman lokal yo pou opsyon transpòtasyon atravè plizyè mwayer.

Le 12 novanm, moun monte bisiklèt yo, menm anplwaye MPO yo, pou ale nan Chanm Komisyón Konte a pou selebre ansanm avèk Komisyón Konte Broward yo, Konte Broward ki te aksepte yon prim nasyonal bisiklèt poutet li gen yon Kominote ki Ankouraje Bisiklèt (Bike Friendly Community) (nou montre foto a pi ba a).



DÈNYE ENFÒMASYON SOU ANGAJMAN 2040

Ekip Angajman 2040 (Commitment 2040) la komplete dezyèm faz aktivite sosyal publik li a e li pral kòmanse prepare mizajou pou plan sou transpòtasyonalontèmlan. Antankeyonpatinan faz aktivite sosyal sa a, ekip la ale nan kominote a epi li mande moun nan Broward yo kijan pou yo fè opsyon pou transpòtasyon publik ak bisiklèt/pyeton yo pi atiran pou moun ki kondwi otomobil yo. Anplisdesa, ekip la te òganize yon sesyon enfòmasyon sou resous finansye avèk konsèy MPO a kote yo te bay opinyon yo sou kijan pou yo deziyen resous ki disponib yo.

Jiskaprezan, gen pliske 1.800 moun ki patisce nan efò aktivite sosyal Plan Transpòtasyon alontèm lan. Ekip la pral konsidere opinyon itil sa a lè li pral prepare rapò konplè a. Tout aktivite sosyal yo pral fini disi fen novanm, jis atan pou ekip planifikasyon an kòmanse prepare plan an sezon ivè sa a. Rapò preliminè Angajman 2040 (Commitment 2040) la pral pare disi mas 2014, l è l ap disponib pou publik la pou yon peryòd yon mwa kote yo ka bay kòmantè yo. Nou pa ka tann pou nou montre w sa w ede nou kreye! Ale nan www.Commitment2040.org

AK YON GRENN TOUCH, OU GEN AKSÈ A SIT ENTÈNÈT SPEAK UP BROWARD LA



SPEAK UP BROWARD

Transportation Choices. ✓ Your Voice Counts.

Nou lanse nouvo sit entènèt nou an ann oktòb epi li prezante yon videyo kote moun ki deplase nan Broward ap pale de pwoblèm transpòtasyon. Enfòmasyon sou chwa transpòtasyon jodiya, sou kisa n ap planife, ak sou kouman ou ka patisce, aksesib byen rapidman. Nou fòmeyon Biwo Konferansye e n ap envite w vin patisce epi

bay rekòmandasyon w pou angajman k ap vini yo. Ekip prezantasyon yo pare pou yo rankontre avèk kominote w la oswa avèk biznis ou. Gen kenz òganizasyon kominotè ki soumèt lèt ki fè konnen yo enterese patisce nan konpetisyon mini-sibvansyon pou Pwogram ki Ogmante Kapasite Moun (Program for Empowering People) e y ap finalize kounye a, pwopozisyon yo pou aktivite sosyal publik la. Pwogram sa a se yon nouvo fason pou angaje kominote a pou yo ogmante eksperjans yo genyen e pou yo chèche jwenn plis ide enpòtan sou priorite ak pwoblèm transpòtasyon. Nou gen tout yon gwoup sitwayen nan Broward

k ap vin di nou yo dispoze bay opinyon yo sou avni transpòtasyon nou an. Klike sou sit entènèt nou an epi patisce jodiya. Speak Up Broward ap koute w.



www.SpeakUpBroward.org



Ede nou PRAN SWEN LANATI!
Mande pou resevwa biltén enfòmasyon
Broward MPO a pa imèl; pou fè sa, kontakte
Chris Ryan nan ryanc@browardMPO.org
oswa rele nan (954) 876-0036

VIZITE SIT ENTÈNÈT NOU AN NAN WWW.BROWARDMPO.ORG

PRSR STD
US POSTAGE
PAID
FT. LAUDERDALE, FL
PERMIT #3973

REYINYON KI PLANIFYE

	JAN 2014	FEV 2014	MAS 2014	AVR 2014
Organizasyon pou Ibanizasyon Zòn Metropolitèn nan Broward (MPO) <i>Rankontre chak 2zyèm jedi a 9:30 a.m.</i>	Pa gen reyinyon	13	13	10
Komite Kowòdinasyon Teknik (TCC) <i>Rankontre chak 4yèm mèkredi a 2:30 p.m.</i>	22	26	26	23
Tabwonn pou Patisipasyon Kominotè (CIR) <i>Rankontre chak 4yèm mèkredi a 6 p.m.</i>	22	26	26	23
Konsèy Kowòdinasyon Lokal (LCB) <i>Rankontre a 2 p.m.</i>	27	Pa gen reyinyon	Pa gen reyinyon	28

* Dat sa yo chanje akozde konje oswa konfli

Yo òganize tout reyinyon yo nan Biwo Konsèy Administrasyon Broward MPO (Broward MPO Board Room) la, Swit 850, nan lokal Trade Centre South la.

Nap ankourage patisipasyon publik la kèlkeswa ras li, koulè po li, orijin natif natal li, laj li, sèks li, reliyon ni, andikap li oswa estati famillyal li. Moun ki bezwen akomodasyon espesyal selon Lwa pou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act: ADA) oswa moun ki bezwen sèvis tradiksyon (gratis) dwe kontakte Christopher Ryan nan (954) 876-0036 oswa ryanc@browardmpo.org. Si w gen pwoblèm pou tandem, telefone nan 1 (800) 273-7545 (TDD).

Si w bezwen plis enfòmasyon sou reyinyon ki pral fèt yo, sou kouman pou pote plent, si w gen kesyon oswa enkyetid sou dwa sivil oswa non-diskriminasyon; oswa si w gen demann espesyal selon ADA, tanpri kontakte:

Christopher Ryan, Ofisyen Enfòmasyon

Piblik/Kowòdonatè Tit VI nan (954) 876-0036
oswa ryanc@browardmpo.org.

ÈSKE W TE KONNEN?

Depi enplemantasyon pwogram abònman bisiklèt Broward B-Cycle la an desanm 2011:

- Gen 34.940 moun ki fè 52.426 trajè sou bisiklèt
- Distans total ki fèt sou bisiklèt la se 182.662 mil
- Gen 8.998 galon gaz ki ekonomize
- Gen yon rediksyon de 176.993 liv emisyon kabòn ki fèt
- Gen yon total 900 manm ki gen abònman anyèl

BROWARD **b-cycle**

www.broward.bcycle.com